


Roslindale Square: Gid Mizajou Zonaj



Yon gid pou eksplike mizajou yo pwopoze nan règleman zonaj nan zòn Roslindale Square ki pral pèmèt gen plis lojman pou plizyè fanmi ak devlopman pou itilize pou divès kalite bagay.



Sa Ki nan Dokiman an



- [Aryè Plan](#) – paj 3 jiska 5
- [Zonaj ki la Deja nan Roslindale Square](#) – paj 6
- [Pwopozisyon Zonaj pou Roslindale Square](#) – paj 7
- [Mizajou Limit Zonaj Parapò ak Zonaj ki la Deja](#) – paj 8 jiska 9
- [Kisa Distri Plas ak Ri yo Ye?](#) – paj 10
- [Distri S0 nan Kontèks](#) – paj 11
- [Distri S1 nan Kontèks](#) – paj 12
- [Distri S2 nan Kontèks](#) – paj 13
- [Distri S4 nan Kontèks](#) – paj 14
- [Distri S5 nan Kontèks](#) – paj 15
- [Soudistri OS-UP nan Kontèks](#) – paj 16
- **Agrandi Zòn yo**
 - [Roslindale Square ak Washington Street North](#) – paj 17 jiska 20
 - [Firth Road ak Florence Street](#) – paj 21 jiska 22
 - [Washington Street North](#) – paj 23 jiska 25
 - [Washington Street South](#) – paj 26 jiska 28
 - [Cummins Highway](#) – paj 29 jiska 31
 - [Belgrade Avenue](#) – paj 32 jiska 34
 - [Nò Estasyon MBTA Roslindale Village](#) – paj 35 jiska 38
- [Modifikasyon Tèks Zonaj](#) – paj 39
- [Jwenn Plis Enfòmasyon epi Pataje Lide Ou!](#) – paj 40
- [Pou Referans: Tèm ak Ekspresyon Kle](#) – paj 42 jiska 45

Si w ap li sou òdinatè w, klike sou tèks ki soulinye ki sou bò goch la pou ale nan yon seksyon nan gid sa a.

.....

Pandan w ap li gid sa a, ou pral wè kèk tèm oswa ekspresyon ou te petèt tande pale sou yo anvan sa, men ou pa te wè trè souvan.

Pou ede rann tèm sa yo pi aksesib, ou ka gade seksyon ki gen tit [“Pou Referans lan: Tèm ak Ekspresyon Kle”](#) ou ka itilize kòm yon zouti pandan w ap li pou defini kèk nan tèm ki parèt nan tout gid la.

Ou ka toujou kontakte nou nan squaresandstreets@boston.gov si gen yon pati nan gid la ki pa klè.


Ekip nou an ap kontan klarifye yon konsèp pou rann li pi fasil pou konprann ak angaje nan travay sa a.

Aryè Plan: Plan Ti Zòn pou Roslindale Square



Nan dat 13 fevriye 2025, Konsèy BPDA te adopte [Plan Ti Zòn pou Roslindale Square](#).

Plan Ti Zòn lan fikse yon vizyon pou devlopman bilding pi devan ak itilizasyon tè, investisman piblik administrasyon minisipal yo, ranfòsman zòn komèsyal lokal yo ak posibilite pou gen plis lojman nan Roslindale Square. Vil Boston pral itilize plan an kòm yon gid pou bay resous ak kowòdone pwojè pou atenn objektif vizyon sa a.



ROSLINDALE SQUARE | COMMUNITY ENGAGEMENT

FACILITATING EQUITABLE PARTICIPATION

Roslindale is a linguistically and racially diverse community, and the engagements summarized below encapsulate the team's efforts to reach a more diverse audience during the planning process.

Having an equitable process means that participants in Roslindale Square Square + Streets engagements are representative of the neighborhood and include all groups who historically have not been engaged in planning processes. Traditional meetings with pre-registration tend to attract fewer participants from low-income and BIPOC communities. To address this, staff have intentionally conducted outreach pop-ups, coffee hours, and focus groups at various times of day and days of the week, weekend to engage more diverse groups.

The following engagement activities were targeted to hear from Roslindale's Spanish-speaking communities, low-income households, immigrants, and BIPOC individuals. In order to reach these groups where they are, staff provided rotating community events and coordinated with scheduled programming/venues.

ESL ENGAGEMENT Staff and interpreters attended 2 ESL classes at the Community House and MITL, providing an opportunity for Spanish-speaking and Haitian Creole-speaking individuals to learn about Square + Streets and participate in activities about what they have and want to see implemented in the Square.

POP-UPS AND TABLES Pop-ups at outdoor events, the Square Food Sheds, and live stage performances allowed us to reach residents - especially those who work or engage after their typical work hours and/or during evenings or on the last business day of their week. Spanish-speaking staff were present at all of these pop-ups.

COMMUNITY FEEDBACK SUMMARY

Below is a summary of community feedback on the strengths of the small business environment, diverse population, and community spirit in Roslindale Square as well as challenges related to drawing foot

ROSLINDALE SQUARE | IMPLEMENTING THE PLAN

GOAL	HOUSING AND REAL ESTATE STRATEGIES	GOAL	SMALL BUSINESS STRATEGIES
B-1	Encourage an additional percentage of new units to be offered in housing voucher-eligible or affordable housing units (generally residential projects with more than 10,000 square feet).	B-1	The following commercial uses are desired by the community through new development or adaptive reuse of existing or vacant buildings: affordable and healthy food retailers, cafes, art-space restaurants, and digital art studios.
B-2	Support a higher proportion of 2+ bedroom to low residential developments.		
B-3	Develop guidelines for parcel acquisition for housing production. This may include shared buildings or energy loss that the City can act on CDE in support and density.		
B-4	Identify parcels with sufficient Square CDE for acquisition, preservation of affordable housing.		

ROSLINDALE SQUARE | LAND USE AND DESIGN FRAMEWORK

COMMUNITY CONNECTIONS

INTERSECTION AT ALEXANDER THE GREAT PARK ON BELLEVUE AVE

A POSSIBLE FUTURE FOR ROSLINDALE SQUARE

Project Collaborator

Aryè Plan: Kad Itilizasyon ak Konsepsyon Teren


Plan Ti Zòn lan gen ladann yon chapit ki rele **Kad Itilizasyon ak Konsepsyon Teren** ki rekòmande ki kote pou devlopman bilding ki gen pou fèt yo dwe fèt nan zòn lokal yo, ak kisa devlopman sa a dwe sanble epi ki fason pou itilize tè a yo pi pito nan zòn sa yo. Kad la fikse yon vizyon pou gen **plis lojman pou plizyè fanmi ak devlopman pou itilize pou divès kalite bagay** nan ak ozalantou Roslindale Square pou elaji posibilite lojman toupre gwo resous transpò piblik ak zòn ti biznis lokal yo.

Li gen ladann yon rekòmandasyon pou **mete ajou règleman zonaj la** nan ak ozalantou Roslindale Square pou kode objektif Plan an pou lojman pou plizyè fanmi ak devlopman pou itilize pou divès kalite bagay.

Gid sa a bay yon apèsi sou mizajou yo pwopoze nan règleman zonaj nan zòn nan, ki gen ladan yon vizit gide sou chak segman nan zòn nan k ap modifye.



Aryè Plan: Kad Itilizasyon ak Konsepsyon Teren



Kad Itilizasyon ak Konsepsyon Teren an espesifye diferan kalite zòn nan ak ozalantou Roslindale Square epi fè rekòmandasyon pou oryante devlopman ki gen pou fèt pi devan. **Zòn espesifik yo se:**


- 1) Yon **sant kominotè ak komèsyal** ki santre ozalantou Adams Park ki sèvi kòm sant aktivite Plas la
- 2) Yon **ri prensipal ki aktif** soti Adams Park pou rive Healy Field
- 3) **Konekte, ri tranzitwa** ant zòn sant vil la ak pòtay lokal yo
- 4) **Pòtay pou itilize pou divès kalite bagay** ki chita nan gwoup komèsyal ki la deja ozalantou Plas la



Zonaj ki la Deja nan Roslindale Square

Kat sa a afiche soudistri zonaj ki la deja nan zòn Roslindale Square. Règ espesifik pou itilizasyon tè ak echèl mezi nan soudistri sa yo ekri nan Atik 67 (Distri Katye Roslindale) Kòd Zonaj Boston.

Ou ka verifye règ sa yo sou:
bosplans.org/ZoningCodeArticle67Roslindale






Pwopozisyon Zonaj: Plas ak Ri Distri yo

Kat sa a montre **mizajou zonaj yo pwopoze** pou zòn Roslindale Square. Mizajou sa yo pral katografye Plas ak Ri Distri ki **an koulè** yo.

Règ espesifik pou itilizasyon tè ak echèl mezi nan distri sa yo ekri nan Atik 8 (Règleman sou Itilizasyon) ak Atik 26 (Plas ak Ri Distri) Kòd Zonaj Boston an.


Ou ka verifye règ sa yo sou:
bosplans.org/Article8Uses
bosplans.org/Article26SquaresStreets



Mizajou Zonaj pou Zòn Komèsyal Katye ki La Deja yo

Yo pral rekatografye tout soudistri zonaj komèsyal katye ki la deja ki nan zòn limit pou zonaj yo pwopoze a avèk distri zonaj Plas ak Ri sa yo.

Yo prezante soudistri komèsyal katye sa yo ki la deja sou kat sa a **an koulè** epi yo montre zòn pou zonaj Plas ak Ri yo pwopoze yo grasa **liy lizyè epè**.






Mizajou Zonaj pou Zòn Rezidansyèl Katye ki La Deja sou Ri Prensipal yo

Gen kèk soudistri zonaj rezidansyèl ki la deja ki nan zòn limit pou mizajou zonaj yo pwopoze a.

Zòn rezidansyèl sa yo anjeneral trè pre zòn komèsyal ki la deja yo, gen itilizasyon tè komèsyal ki fèt deja, gen bilding ki konstwi deja pou itilize pou divès kalite bagay oswa pou plizyè fanmi, oswa yo nan yon ri prensipal ki konekte plizyè zòn komèsyal youn ak lòt.

Yo prezante soudistri rezidansyèl sa yo ki la deja sou kat sa a **an koulè** epi yo montre zòn pou zonaj Plas ak Ri yo pwopoze yo gras a **liy lizyè epè**.
















Rezime: Kisa Distri Plas ak Ri yo Ye?



Distri Plas ak Ri se yon seri règleman zonaj ki pèmèt gen devlopman pou itilize pou divès kalite bagay ki fèt pou lojman pou plizyè fanmi, espas komèsyal, ak espas kiltirèl nan plas katye ozalantou Boston. Yo **chak gen règleman diferan** konsènan echèl maksimòm bilding yo, espas lakou ki antoure bilding yo, ak itilizasyon tè a.

 = gen yon Egzijans nan zafè Espas pou Amenajman Deyò

 = gen yon Egzijans nan zafè Itilizasyon Aktif Etaj ki Atè Nèt la

	<p>S0 – Lojman Pwovizwa</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 4 etaj maksimòm • Jiska 14 inite rezidansyèl maksimòm • Itilizasyon prensipalman rezidansyèl • Tranzisyon soti nan zòn pou itilize pou divès kalite bagay ki gen anpil aktivite pou ale nan zòn ki gen mwens aktivite rezidansyèl 		<p>S3 – Ri Prensipal ki Aktif  </p> <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 7 etaj maksimòm • Pèmèt gen yon pi gwo divèsite pou ti itilizasyon komèsyal ak itilizasyon komèsyal mwayen ki ankouraje aktivite
	<p>S1 – Viv nan Ri Prensipal la</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 4 etaj maksimòm • Pou pati nan yon ri prensipal kote pifò rezidansyèl men ki gen yon itilizasyon okazyonèl ki pa rezidansyèl • Pèmèt plis fleksibilite pou ti itilizasyon komèsyal 		<p>S4 – Plas ki Aktif  </p> <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 7 etaj maksimòm • Pèmèt gen bilding ki pi laj pase S3 ak plis fleksibilite pou itilizasyon mwayen ak gwo itilizasyon • Pi Gwo Pousantaj Espas Akèy Deyò pase S3
	<p>S2 – Itilizasyon Miks Ri Prensipal la </p> <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 5 etaj maksimòm • Règleman fleksib pou pèmèt alafwa gen bilding pou divès kalite itilizasyon ak bilding pou plizyè fanmi ki totalman rezidansyèl toupatou sou yon ri prensipal 		<p>S5 – Fason pou Fè Plas Piblik  </p> <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 145 pye maksimòm • Bilding pou itilize pou divès kalite bagay ki pi wo ak pi laj ki pèmèt li pi fleksib pou itilize anba lakay ak nivo siperyè a • Pi Gwo Pousantaj Espas Akèy Deyò nan tout distri yo

Distri S0

Lojman Pwovizwa



Kay plizyè fanmi ak fasad devan, sou kote ak lakou dèyè



Bilding rezidansyèl kat (4) etaj pou plizyè fanmi



Sant gadri ak gadri nan kay



Ti komès an detay nan zòn rezidansyèl

- Katografye nan zòn rezidansyèl espesifik
- Pifò nan yo kole ak sant komèsyal Roslindale Square la oswa nan ri prensipal yo
- Ankouraje ti lojman pou plizyè fanmi toupre biznis lokal yo ak opsyon transpò piblik
- Distri S0 a gen pi piti egzijans nan zafè anprent bilding ak pwoteksyon teren, pandan l ap kenbe yon echèl rezidansyèl
- Gen pi gwo espas lakou ak Egzijans nan Zafè Sifas Pèmeyab Teren an

Distri S1

Viv nan Ri Prensipal la

- Katigrafye toupatou sou twonson ri prensipal yo ki sitou rezidansyèl
- Epitou zòn sa yo gen kèk bilding pou itilize pou divès kalite bagay ak pou itilizasyon ki pa rezidansyèl
- Epitou ki katografye nan nò Estasyon Tren Banlye MBTA pou konfime bilding ki genyen plizyè fanmi ak gwo bilding ki pa rezidansyèl ki la deja.
- Distri S1 an mande pou ti lakou arebò kay la, ti lakou devan, ak yon Sifas Pèmeyab Teren minimòm – ankouraje yon santiman ki sitou rezidansyèl.



Twonson ri prensipal la se yon ri twonson ki sitou rezidansyèl avèk kèk ti biznis



Lojman pou plizyè fanmi ak plis pase 14 inite



Bilding ou ka itilize pou divès kalite bagay ak biznis nan etaj atè nèt la

Distri S2

Itilizasyon Miks Ri Prensipal la



Ti komès an detay ki antoure ak lojman



Bilding pou itilize pou divès kalite bagay (ki nan faz devlopman) ak lojman ak espas komèsyal etaj ki atè nèt la



Liy magazen ki vann an detay ak ti vitrin magazen nan yon sèl bilding

- Katografye nan gwoup komèsyal ki toupatou sou gwo ri ak entèseksyon prensipal yo nan Roslindale
- Mizajou zonaj an S2 pral pèmèt konfime plizyè pwopriyete rezidansyèl ki ka pran plizyè fanmi ak pou divès itilizasyon ki la deja
- Distri S2 a bay fleksibilite pou itilizasyon ki pa rezidansyèl nan etaj ki anlè yo
- Ogmante posibilite pou ti biznis aktyèl yo grandi ak pou plis ti biznis rantre nan zòn nan epi ogmante aktivite

Distri S4

Plas ki Aktif



Vitrin magazen ki konsistan, aktif ak lakou arebò ki pa depase zewo pye (akote youn ak lòt)



Gwo teren ki abrite espas komèsyal ki pi gwo ak moun anpil



Bilding ki laj ki kouvri pifò teren an epi ki kenbe itilizasyon aktif ak lojman



Bilding pou itilize pou divès kalite bagay ak plizyè etaj ki la deja ki gen espas komèsyal nan etaj ki atè nèt la



Lojman pou plizyè fanmi ak plis pase 14 inite

- Distrik S4 la katigrafye nan zòn ki gen pi gwo nivo aktivite komèsyal ki la deja – ki ozantou Adams Park ak toupatou nan Washington Street
- Egzijans Itilizasyon Aktif Etaj ki Atè Nèt la espesyalman ankouraje ak prezève yon santiman ti itilizasyon komèsyal ak itilizasyon komèsyal mwayen aktif nan zòn kote zonaj aktyèl la pa priyorize
- Egzijans Espas Akèy Deyò a ankouraje yon anviwonman ki plis ouvè pou rezidan ak vizitè yo ka pase tan nan zòn nan

Distri S5

Fason pou Fè Plas Piblik



Gwo pakin MBTA posede ak sant mobilite pou vwayajè lokal yo



Divèsite itilizasyon aktif ak itilizasyon ki pa rezidansyèl sou kote nò Adams Park

- Yo katografye distrik S5 la nan kè plas ki gen anpil aktivite
- Ofri pi gwo fleksibilite ak posiblite pi devan pou bati lojman ak bilding pou itilize pou divès kalite bagay avèk yon varyete espas komèsyal ak espas pou sèvi kominote a.
- Ankouraje pi gwo kantite Espas Akèy Deyò, ki ka ogmante nan kantite espas deyò ki adjasan ak Adams Park.

Soudistri OS-UP


Espas Ouvè Plaza Iben

- Transfòme Teren Minisipal Taft Hill la pou li vin yon soudistri ak Espas Ouvè
- Konfime itilizasyon ki la deja epi k ap kontinye kòm yon gwo ekipman pakin
- Pakin nan pral kontinye sèvi kòm yon resous kominotè ki sipòte aksè nan ekosistèm lokal ti biznis yo ak aktivite k ap sèvi kominote a, tankou Mache Fèmeye regilye.




Agrandi: Roslindale Square ak Washington Street North | S0, S4, S5

*Antoure Adams Park; Washington Street
soti Adams Park pou rive nan Healy Field*



Aplikasyon vizyon pou zòn sa a nan kad Itilizasyon ak
Konsepsyon Teren Plan pou Ti Zòn lan:

- Yon **sant kominotè ak komèsyal** ki santre ozalantou Adams Park ki sèvi kòm sant aktivite Plas la
- Yon **ri prensipal ki aktif** ant Adams Park ak Healy Field




Zonaj ki La Deja



S0 | Roslindale Square ak Washington Street North

Taft Hill Terrace gen anpil bilding ki la deja ak bilding ki fèk konstwi ki nan oswa toupre echèl distri S0 a otorize.

Distri S0 a **pral konfime bilding sa yo** nan zonaj la epi bay posibilite pou gen devlopman ki fèt pi devan ki ka ede plis amelyore kondisyon lari a.




Zonaj ki La Deja



S4 | Roslindale Square ak Washington Street North

Egzijans nan zafè Itilizasyon Aktif Etaj Atè Nèt la nan distri S4 la pral asire zòn sa a **rete yon zòn komèsyal aktif** epi **priyorize pou yo itilize anpil tè ki la deja** a tankou pou komès an detay, restoran, etablisman sèvis, ak lòt itilizasyon divès dimansyon.

Epitou distri sa a **pral bay posibilite pou yo devlope lojman anlè espas komèsyal yon sèl etaj ki la deja**, ki plis sipòte objektif pou kenbe aktivite ti biznis lokal yo pandan y ap rale plis kliyan nan zòn nan.




Zonaj ki La Deja a



S5, OS-UP | Roslindale Square ak Washington Street North

Menm jan ak S4, distri S5 lan **pral egzije ak priyorize itilizasyon aktif etaj ki atè nèt la**. Egzijans Espas Akèy Deyò (minimòm 30% yon teren) **pral bay fleksibilite nan pwosesis revizyon konsepsyon an pou priyorize akèy deyò**, tankou chèz deyò ak plas publik aksesib.


Soudistri OS-UP a **pral konfime itilizasyon pakin ki la deja** nan Teren Minisipal Taft Hill la epi kite fleksibilite pou lòt itilizasyon kominotè kreyatif kòm yon espas ouvè an jeneral.



Zonaj ki La Deja a




Agrandi: Firth Road ak Florence Street | S0



Aplikasyon vizyon pou zòn sa a nan kad Itilizasyon ak Konsepsyon Teren Plan pou Ti Zòn lan:

- Konekte, ri tranzitwa ant zòn sant vil la ak pòtay lokal yo



Zonaj ki La Deja a




S0 | Firth Road ak Florence Street

Lefè li pre ak Washington Street (nan lwès), Hyde Park Avenue (nan lès), ak Healy Field rann li se **yon anplasman enpòtan pou ofri plis opòtinite lojman.**

Distri S0 a **pral konfime anpil nan bilding rezidansyèl ki ka pran twa (3) fanmi ak plizyè fanmi ki la deja yo.**

Egzijans minimòm nan zafè gwosè lakou yo ak priyorite inite yo bay rezidansyèl yo nan distri S0 a **pral ankouraje pwojè yo kenbe yon santiman rezidansyèl an tèm echèl ak itilizasyon.**




Zonaj ki La Deja a




Agrandi: Washington Street North | S1, S2

Soti Healy Field pou rive Archdale Road



Aplikasyon vizyon pou zòn sa a nan kad Itilizasyon ak Konsepsyon Teren Plan pou Ti Zòn lan:

- **Konekte, ri tranzitwa** ant zòn sant vil la ak pòtay lokal yo
- **Pòtay pou itilize pou divès kalite bagay** ki chita nan gwoup komèsyal ki la deja ozalantou Plas la




Zonaj ki La Deja a



S1 | Washington Street North

Zòn ki ant Healy Field ak Whipple Street la gen plizyè bilding ki gen menm gwosè ak sa yo otorize nan distri S1 ak kèk bilding rezidansyèl ki ka pran plizyè fanmi – **S1 pral afime echèl ak itilizasyon bilding sa yo.**

Epitou distri S1 an **pral bay plis fleksibilite pou ti itilizasyon ki pa rezidansyèl**, ki konfòm ak objektif yo nan Plan pou Ti Zòn yo pou otorize ti itilizasyon komèsyal ki ede kreye yon santiman y ap ka itilize yo pou divès kalite bagay epi konekte ant Roslindale Square ak Archdale Road.




Zonaj ki La Deja

S2 | Washington Street North

Distri S2 a pral plis pèmèt yo atenn objektif pou kreye yon santiman y ap ka itilize yo pou divès kalite bagay epi konekte **pandan y ap konfime anpil nan ti itilizasyon komèsyal ki la deja nan zòn nan.**

Egzijans Espas Akèy Deyò distri S2 a **pral bay fleksibilite nesèsè pou priyoreze espas deyò** ki kapab sèvi lokatè oswa biznis lokal yo, tankou espas pou manje deyò, balkon, ak zòn rasanbleman.




Zonaj ki La Deja a



Agrandi: Washington Street South | S1, S2

Soti Kittredge Street pou rive Cornell Street



Zonaj ki La Deja a





Aplikasyon vizyon pou zòn sa a nan kad Itilizasyon ak Konsepsyon Teren Plan pou Ti Zòn lan:

- **Konekte, ri tranzitwa** ant zòn sant vil la ak pòtay lokal yo
- **Pòtay pou itilize pou divès kalite bagay** ki chita nan gwoup komèsyal ki la deja ozalantou Plas la

S1 | Washington Street South

Menm jan ak plizyè pati nan Washington Street North, zòn sa yo gen plizyè bilding ki gen menm gwosè ak sa yo otorize nan distri S1 ak kèk bilding rezidansyèl ki ka pran plizyè fanmi – distri S1 **pral afime echèl ak itilizasyon bilding sa yo.**



Distri S1 an distenge nan zafè karaktè parapò ak zòn ki gen distri S2 paske yo genyen anviwon yon blòk bilding rezidansyèl ki la deja. Fleksibilite distri S1 an ofri pou otorize ti itilizasyon komèsyal yo **ta ka ankouraje yon enklizyon modere bilding y ap ka itilize pou divès kalite bagay pandan y ap kenbe aspè rezidansyèl majorite a.**



S2 | Washington Street South

Distri S2 a **pral konfime anpil nan espas komèsyal otonòm yo, bilding magazen ki vann an detay ak pi gwo bilding rezidansyèl** yo jwenn nan pati sa yo nan Washington Street.

Divèsite egzijans pou lakou ak egzijans pou Espas Akèy Deyò nan distri S2 a **pral ede ankouraje kreyasyon espas deyò pou rezidan yo ak biznis** ki kreye yon peyizaj lari aktif, tankou zòn pou chita, balkon, teras, ak lakou.




Agrandi: Cummins Highway | S0, S2

Soti Sumner Avenue pou rive Sycamore Street




Aplikasyon vizyon pou zòn sa a nan kad Itilizasyon ak Konsepsyon Teren Plan pou Ti Zòn lan:

- **Konekte, ri tranzitwa** ant zòn sant vil la ak pòtay lokal yo
- **Pòtay pou itilize pou divès kalite bagay** ki chita nan gwoup komèsyal ki la deja ozalantou Plas la




Zonaj ki La Deja a



S0 | Cummins Highway

Distri S0 a pral sèvi kòm yon tanpon ant distri S4 ak S2 ki antoure li yo epi li pral bay pwopriyetè rezidansyèl yo pi gwo fleksibilite pou fè ti oswa gwo chanjman nan kay yo, tankou ajoute inite rezidansyèl oswa kreye espas pou fè yon biznis nan kay.

Anplis, segman Florence Street sa a se yon kout koneksyon ant Washington Street ak Cummins Highway ki kapab entwodui kwasans modere nan lojman ki toupre gwo ri sa yo.




Zonaj ki La Deja a



S2 | Cummins Highway

Pati sa a nan Cummins Highway gen yon melanj bilding komèsyal, rezidansyèl, ak bilding pou itilize pou divès kalite bagay nan yon varyete echèl ak estil, kidonk sa ki fè distri S2 a se yon bon chwa paske li **pral konfime varyete itilizasyon sa a epi ankouraje fleksibilite k ap dire** pou kalite bilding ki la yo pi devan.

Epitou distri S2 a **pral otorize yon pi gwo varyete itilizasyon komèsyal**, sa ap ede zòn sa a kontinye devlope kòm youn nan ti pòtay itilizasyon miks Roslindale yo.




Zonaj ki La Deja a



Agrandi: Belgrade Avenue | S1, S2

Soti Amherst Street pou rive Newburg Street



Aplikasyon vizyon pou zòn sa a nan kad Itilizasyon ak Konsepsyon Teren Plan pou Ti Zòn lan:

- **Konekte ri tranzitwa** ant zòn sant vil la ak pòtay lokal yo
- **Pòtay pou itilize pou divès kalite bagay** ki chita nan gwoup komèsyal ki la deja ozalantou Plas la


Zonaj ki La Deja a



S1 | Belgrade Avenue

Pati sa a nan Belgrade Avenue gen ladann yon melanj bilding twa (3) etaj ki la deja, bilding pou plizyè fanmi ki gen sis (6) inite oswa plis, ak bilding ki pa rezidansyèl ak bilding pou itilize pou divès kalite bagay ki epapiye.

Distri S1 an tankou nan lòt zòn yo **pral konfime etalaj bilding rezidansyèl** yo pandan y ap **konfime echèl plizyè bilding ki la deja** ak sa ki pral gen pou fèt pou plizyè fanmi.





Zonaj ki La Deja a




S2 | Belgrade Avenue

Distri S2 a pral pèmèt gen plis aktivite komèsyal ak aktivite pou divès kalite bagay nan gwoup pwopriyete ki prensipalman komèsyal sa a. Gen kèk bilding rezidansyèl nan gwoup sa a, kidonk distri S2 a apwopriye paske li pèmèt alafwa bilding ki totalman rezidansyèl ak bilding yo ka itilize pou divès kalite bagay.

Anplasan sa a ki toupre yon estasyon otobis sou Belgrade Avenue rann li se yon sit enpòtan tou pou ogmante posibilite lojman paske li rapwoche moun yo sou resous transpò piblik yo ak biznis sa yo ki pi lwen aktivite sant komèsyal la.




Agrandi: Nò Estasyon MBTA Roslindale Village | S0, S1, S2




Aplikasyon vizyon pou zòn sa a nan kad Itilizasyon ak Konsepsyon Teren Plan pou Ti Zòn lan:

- **Konekte, ri tranzitwa** ant zòn sant vil la ak pòtay lokal yo
- **Pòtay pou itilize pou divès kalite bagay** ki chita nan gwoup komèsyal ki la deja ozalantou Plas la


Zonaj ki La Deja a



S0 | Nò Estasyon MBTA Roslindale Village



Zonaj ki La Deja a




Distri S0 a **pral ankouraje pou konstwi lojman ki apwoksimate imedya toupre estasyon MBTA** pandan l ap limite echèl maksimòm lòt bilding pi devan pou konstwi sa ki byen entegre nan zòn rezidansyèl ki la deja yo.


Epitou S0 bay **plis fleksibilite pou pwopriyetè kay yo** fè ti oswa gwo chanjman dapre bezwen yo.

Epitou gen bilding ki gen twa (3) lojman ki pral **konfime grasa mizajou zonaj la** paske yo entèdi dapre zonaj aktyèl la pou zòn sa yo.

S1 | Nò Estasyon MBTA Roslindale Village



Zonaj ki La Deja a



Zòn ki imedyatman nan nò estasyon MBTA a gen ladan twa (3) pwopriyete pou itilizasyon pou plizyè fanmi ansanm ak yon bilding lekòl ki kouvri pifò sifas teren an.

Melanj itilizasyon sa a ak anplasman sa a ki toupre yon gwo resous transpò piblik bay rezon pou katografye sa a avèk distri S1 an paske li **pral konfime alafwa itilizasyon ak echèl bilding yo sou pwopriyete sa yo** pandan l ap bay fleksibilite pou konstwi plis lojman pi devan.

S2 | Nò Estasyon MBTA Roslindale Village



Distri S2 a **pral konfime kèk nan ti biznis ki la deja yo ak yon gwo devlopman lojman pou plizyè fanmi pou moun aje** ki gen ki nan yon soudistri zonaj kounye a ki entèdi itilizasyon sa yo.



Epitou Distri S2 a **pral pèmèt ti pòtay komèsyal sa a devlope nyon fason modere** atravè bilding yo ka itilize pou divès kalite bagay ki ka konstwi anlè espas komèsyal ki nan yon sèl etaj ki la deja oswa atravè pi gwo fleksibilite pou biznis yo ka grandi.

Zonaj ki La Deja a

Modifikasyon Tèks Zonaj – Atik 67 (Eliminasyon NDOD, CC-2)

Mizajou zonaj sa yo gen ladan de (2) ti mizajou nan Atik 67 (Distrik Katye Roslindale) Kòd Zonaj Boston an:


- 1. Mete ajou règleman Distri Sipèpozisyon Konsepsyon Katye (Neighborhood Design Overlay District, NDOD)** ki antoure Adams Park pou asire pwosesis revizyon konsepsyon ki asosye ak distri sipèpozisyon sa a **aplike pou pwojè ki nan distri Plas ak Ri** ki nan zòn espesifik sa a.
- 2. Retire soudistri CC-2 (Kominote Komèsyal-2) nan Atik 67 la** paske CC-2 katografye sèlman nan yon sèl zòn (lwès Adams Park) epi mizajou kat zonaj yo pral ranplase soudistri CC-2 avèk distri S4 la. Sa a pral retire CC-2 nan tout kat zonaj Roslindale yo, kidonk rann li nesèsè pou retire kote yo mansyone li ak règleman li yo nan tèks ki nan Atik 67 la.



Ti mizajou tankou sa yo ede asire Kòd Zonaj Boston an rete ajou avèk règleman zonaj ki anvigè yo, ki amelyore fason moun ka li Kòd Zonaj la ak fason li aplike nan pwosesis devlopman an.


Jwenn Plis Enfòmasyon epi Pataje Lide Ou!

Kalandriye Pwosesis Angajman ak Adopsyon Zonaj la



Egzamine pwojè ofisyèl kat zonaj la ak modifikasyon tèks zonaj la sou sit entènèt Depatman Planifikasyon AK enskri pou evènman ki gen pou fèt yo ak lè ouvèti biwo a sou: bosplans.org/RoslindaleSquaresAndStreets.

Soumèt kòmantè ou yo jiska 31 MAS 2025 sou mizajou zonaj sa yo sou: bosplans.org/RoslindaleZoningPublicComments.



Ou Gen Kesyon?

Oswa voye kesyon w yo nan imèl ba squaresandstreets@boston.gov oswa bay Abdul-Razak Zachariah, Planifikatè II, Refòm sou Zonaj nan abdul-razak.zachariah@boston.gov.

Ou Vle Jwenn Plis Enfòmasyon sou Travay Refòm Zonaj Depatman Planifikasyon an?

Gade paj entènèt Ekip Refòm Zonaj la ak inisyativ zonaj aktyèl nou yo kounye a sou: bosplans.org/ZoningReform.

Pou Referans: Tèm ak Ekspresyon Kle



“Zonaj” – yon seri règleman ki dikte **kisa ak ki kote ou ka (oswa ou pa kapab) bati nan yon vil.**

Zonaj itilize “**distri**” jeyografik pou òganize epi aplike règleman sa yo nan tout Vil Boston an. Twa (3) karakteristik prensipal zonaj etabli règleman pou yo se **itilizasyon, echèl, ak espas.**

“Distri”

Zòn jeyografik kote gen yon seri règleman espesifik sou itilizasyon, echèl, ak espas ki aplike

“Itilizasyon”



Aktivite ki ka fèt nan bilding oswa sou yon teren, tankou komès an detay, lojman, ak espas ouvè

“Echèl”

Faktè ki gen enpak sou gwosè bilding yo tankou wotè, lajè, ak kantite nan yon teren yon bilding kouvri

“Espas”

Faktè ki gen enpak sou sifas teren ki antoure yon bilding, tankou kantite espas lakou oswa si espas lakou sa a pèmeyab.



Pou Referans: Tèm ak Ekspresyon Kle



“Lojman pou plizyè fanmi” – yon kalite pwopriyete kote gen kat (4) inite rezidansyèl oswa plis.

Toudepan gwosè teren kote yo sou li a, yo souvan varye nan wotè, lajè, kantite inite yo kenbe epi si yo nan yon bilding sengilye oswa plizyè bilding sou menm teren an.



“Devlopman pou Itilize pou Divès Kalite Bagay”

– yon kalite devlopman imobilye kote lojman, antrepriz ak/oswa sèvis kominotè yo egziste nan menm bilding nan oswa nan menm teren an.

Byenke yo ka varye nan sa ki gen pou wè ak itilizasyon egzak bilding lan, li komen pou wè biznis oswa sèvis kominotè nan etaj ki atè nèt la nan yon bilding epi lojman yo chita nan etaj ki anlè yo.



“Pòtay” – sa fè referans ak zòn ki gen ti gwoup espas biznis ak/oswa yon melanj itilizasyon, men yo lokalize yon ti kras pi lwen sant aktivite katye a.

Yo se pwen antre aktyèl **ak** potansyèl aktivite nan ri ki mennen nan sant Roslindale Square.



Pou Referans: Tèm ak Ekspresyon Kle

“Konfime” – yo itilize tèm sa a souvan nan gid sa a pou dekri si règleman zonaj la otorize ak legalize itilizasyon, echèl oswa espas lakou yon pwopriyete ki la deja nan yon zòn.

- Pa egzanp, si plizyè bilding kote yo chak gen twa (3) inite rezidansyèl men yo nan yon distri zonaj kote yo entèdi pou w gen plis pase de (2) inite sou pwopriyete w la, sinon bilding sa a ka **pa konfòm** paske zonaj aktyèl la **pa konfime** itilizasyon teren sa a pou twa (3) fanmi abite.
- Altènativman, si mizajou zonaj la te pèmèt itilizasyon tè sa a, kidonk mizajou zonaj la t ap **konfime itilizasyon sa a**.

“Kòd Zonaj Boston” – dokiman sa a genyen règleman zonaj Vil Boston ki di kisa yo ka ak kisa yo pa kapab bati ak règleman espesifik sou fason yo ka itilize teren an nan diferan zòn.

“Modifikasyon Kat Zonaj” – yon pwopozisyon pou mete ajou anplasman jeyografik yo nan Boston kote sèten règleman zonaj dwe aplike. Modifikasyon kat jeyografik zonaj la kapab genyen ladan modifikasyon limit règleman ki la deja yo oswa aplike ak fikse limit pou nouvo règleman yo.

“Modifikasyon tèks Zonaj” – yon pwopozisyon pou mete ajou règleman ki ekri yo nan tèks Kòd Zonaj la. Sa a pa chanje limit règleman sa yo, men li modifiye règleman yon pwopriyete nan yon limit espesifik dwe respekte.

- Se tankou modifiye yon règleman ki di "tout moun ki kanpe nan yon sèk dwe mete koulè ble" pou di "tout moun ki kanpe nan yon sèk gen pou mete koulè vèt" – sèk la ak moun ki kanpe ladan li a pa chanje, men règleman konsènan sa yo mete yo chanje.

Pou senplifye lekti gid sa a, nou itilize tèm **“Mizajou zonaj”** oswa **“zonaj ki ajou”** pou fè refere ak toude chanjman sa yo.

Pou Referans: Tèm ak Ekspresyon Kle




“Zòn Pèmeyab Teren an,” oswa **“sifas pèmeyab”** – zòn sou yon pwopriyete ki gen kouvèti vejetal natirèl oswa tout lòt materyèl/sifas sou tè a ki pèmèt dlo pase atravè li nan yon kantite egal ak kouvèti vejetal natirèl la oswa pi wo pase l.

Egzanp: gazon, pyebwa, wòch ki lave ak pwòp. pave pèmeyab, ak jaden ki amenaje pou pran dlo lapli.



“Espas Akèy Deyò” – Espas deyò pou moun rankontre oswa amize yo pou yon sèl inite lojman, rezidan bilding, oswa piblik jeneral la.

Egzanp: balkon prive, twati, teras, lakou enteryè, galri, plas, ak espas pou manje deyò.



“Itilizasyon Aktif Etaj ki Atè Nèt la” – Itilizasyon ki ouvè pou piblik la epi ki atire anpil kliyan, vizitè, ak itilizatè.

Distri Plas ak Ri yo egzije pou Itilizasyon Aktif yo pran 50% lajè etaj ki atè nèt bilding ki konstwi nan distri S3, S4, ak S5 yo.

Egzanp: Sant kominotè, Restoran, Magazen ki Vann an Detay, ak Etablisman Sèvis.

